

3rd . grade 1st . quarter Assessment

1. Mete itswa sa a nan lòd

De mesye yo jwenn plizè chapo nan chanm nan. Mona te pèdi chapo chans li. Yo wè yon pankat ki make “Chanm pou mete chapo”. Mona jwenn chapo li a. Chapo Mona a te jis anba.

2. Mete mo sa yo nan lòd alfabetik.

(an, b, ch, e, è, en) Lèt sa yo nan lòd nou rele lòd alfabetik

Ranje mo nan chak liy yo nan lòd alfabetik.

- 1- Dat, bale, envite, choute, anwo, demen
- 2- Endyen, chosèt, anpoul, etensèl, barik, enfimye
- 3- Ankò, bri, chèz, desann, elèv, bibwon

3. Konbyen silab ki gen nan chak mo:

gason	
fanmi	
pwoteje	
resevwa	
wè	
renmen	
papa	
alafwa	

4. Mo ki gen plizyè signifkasyon. Eksplike sa mo a ki “an karaktè fonsè a” vle di nan fraz la.

- a) Li te brav anpil. =
- b) Mulan tap li yon liv. =
- c) Sa Mulan fè, li abiye an gason. =
- d) Manman m pase fè sou rad yo. =

5. **Genyen 4 diferan tip fraz:** *deklarasyon (.) – kesyon (?) – eksklamasyon (!) – komande (.)* Distenge kalite fraz sa yo . Apre chak fraz mete siy ki korèk la.

Ala yon bèl jounen

Pran balon an tande

Ki lè li ye

Jodi a fè cho

- 6.

Dan Anni ap krake, jenou l ap souke, vwa li ap tranble. Finalman li di: "Mwen pap rete deyò a. M ap rantre."	Dan Anni ap krake, jenou l ap souke, vwa li ap tranble. Finalman li di: " O! pou m al kanpe pale devan tout moun sa yo."
Anni santi li _____	Anni santi li _____

- 7.

Kòz	Efè
Youn nan ti gason yo tap danse paske l te kontan.	
Yo rete bò yon pisin, yo benyen touttan.	
Revèy la pa sonnen, mwen ale lekòl la an reta.	

8. Lis mo sa yo , yo rele yo mo konpoze. Ekri 2 mo ki fòme yon sèl mo.

Mo konpoze	Mo 1	+	Mo 2
Koupon		+	
Granmoun		+	
Bwòsdan		+	
Gadmanje		+	
Platform		+	
Renmen		+	
fèmen		+	

9. Identifye non komen

Anna; manman; twal; lakay; Amerik; Risi; Mary; kouvrel; Patricia

Moun	Kote	bagay

10. M ap ekri yon resèt.

Yon aprèmidi, sis (6) ti zanmi vin lakay ou. W ap fè yon bon ji korosòl pou resevwa yo. Itilize kesyon pou w ka ekri resèt la.

Fè yon lis sa w ap bezwen pou ou fè ji korosòl la?

Kijan pou ou fè l?

- Kisa w ap fè ak korosòl yo anvan?
- Nan kisa w ap mete korosòl yo apre?
- Kisa w ap ajoute pou ji a ka pi bon?
- Kijan w ap fè ji a?